

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1. Méthode jeung Téknik Panalungtikan

3.1.1. Méthode Panalungtikan

Dumasar kana tujuan nu baris dihontal, ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif korélasional. Méthode déskriptif korélasional mangrupa salasahiji méthode nu digunakeun pikeun ngungkulan masalah nu aktual ku jalan nyieun papasingan, ngumpulkeun, nganalisis, jeung napsirkeun data.

3.1.2. Téknik Panalungtikan

Téknik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés. Tés ieu dilaksanakeun ku cara méré tés objéktif, pikeun maca pamahaman prosa éksposisi jeung tés ngarang (ngaréproduksi) prosa éksposisi.

3.2. Populasi jeung Sampel

3.2.1. Populasi

Populasi nya éta objék atawa subjék nu aya di hiji wilayah jeung luyu nyumponan sarat-sarat nu tangtu patali jeung masalah panalungtikan. Populasi aya hubunganana jeung data, lain jeung manusa atawa jeung objékna (Nazir, 1983 : 327).

Anu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulis karangan éksposisi siswa SMPN I Malangbong kelas VII taun ajaran 2006/2007 anu jumlahna 240 siswa.

3.2.2. Sampel

Sampel nya éta bagéan tina populasi anu miboga ciri-ciri atawa kaayaan nu tangtu, anu baris ditalungtik. Ieu panalungtikan ngagunakeun téknik sampel. Téknik anu dipaké, téknik random ku cara acak, sabab populasi dianggap homogén. Jadi, sumber data anu unurna miboga sifat nu sarua, sahingga teu perlu ngamasalahkeun jumlahna sacara kuantitatif. Prosédur nu digunakeun ku cara diundi.

Sampel ieu panalungtikan ditetepkeun sapergenep tina populasi, nya éta tina sakabéh kamampuh maca pamahaman prosa éksposisi jeung kamampuh nulis karangan éksposisi.

Jumlah SMPN I Malangbong, kelas VII téh 240 siswa, dicokot ku cara acak kurang leuwih 40 siswa tina 240 siswa. Ku kituna, sampelna nya éta kamampuh maca pamahaman prosa éksposisi jeung kamampuh nulis (ngaréproduksi) prosa éksposisi 40 siswa.

3.3. Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta puseur implengan nu bebeneranana ditarima ku panalungtik. Nu jadi anggapan dasar panalungtik nya éta :

- 1) Pangajaran maca pamahaman jeung nulis, mangrupa bagéan tina pangajaran basa Sunda anu aya dina kurikulum muatan lokal basa Sunda 2004.
- 2) Maca pamahaman, kaasup kana salasihiji komponén kaparigelan makéna basa, nu mangrupa prosés maca anu dipilampah sangkan bisa ngajelaskeun deui naon nu dibaca.
- 3) Nulis kaasup kana salasihiji komponén kaparigelan makéna basa, anu mibanda fungsi penting, minangka pakakas pikeun nyatet, nagalaporkeun, méré nyaho, jeung mangaruhan nu lian.
- 4) Dina prosés diajar ngajar, boh dina pangajaran basa Sunda, boh pangajaran séjénna, guru jeung murid moal leupas tina kagiatan maca.

3.4. Hipotésis

Hipotésis panalungtikan nya éta jawaban saheulaanan kana masalah panalungtikan anu benerna kudu diuji ku cara émpiris.

Hipotésis ieu panalungtikan nya éta aya patalina anu positif tur signifikan antara kamampuh maca pamahaman prosa éksposisi jeung kamampuh nulis (ngaréproduksi) prosa éksposisi siswa SMPN I Malangbong kelas VII taun ajaran 2006/2007.

3.5. Instrumén Panalungtikan

Sakumaha anu geus dijéntrékeun saméméhna, yén téknik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés, tujuanana pikeun maluruh patalina kamampuh maca jeung kamampuh nulis siswa SMPN I Malangbong.

Instrumén ieu panalungtikan, ngawengku lambaran soal, lambaran jawaban, padoman pikeun meunteun, jeung déskripsi ngeunaan kritéria meunteun.

Lambaran soal ngagunakeun wangun pilihan ganda, gunana pikeun ngukur kamampuh maca pamahaman prosa éksposisi. Ari lambaran soal mangrupa wangun éséy pikeun ngukur kamampuh nulis (ngaréproduksi) prosa éksposisi. Hasil tés nu mangrupa data kuantitatif diolah maké data statistik. Lambaran jawaban pikeun maca pamahaman eusi prosa éksposisi mangrupa kotak pilihan a, b, c, d jeung pikeun ngaréproduksi prosa éksposisi mangrupa kertas kosong.

3.5.1. Padoman Peunteun Maca Pamahaman

Tampubolon nétélakeun yén “*Pamahaman isi bacaan dapat diukur dengan cara menghitung prosentase dari jawaban yang benar tentang isi bacaan. Prosentase perhitungannya adalah sebagai berikut :*

$$PI = \frac{\text{Skor jawaban yang benar}}{\text{Skor total}} \times 100 \%$$

Jumlah soal maca pamahaman téh 20 soal, ku kituna, skor totalna 20. jadi, padoman meunteunna :

$$PI = \frac{\text{Skor jawaban nu bener}}{20} \times 100\%$$

3.5.2. Padoman Peunteun Ngarang (Hasil Ngaréproduksi)

Padoman peunteun ieu karangan, dijieun dina wangun skala peunteun (*rating scale*) saperti ieu :

Skala Peunteun

(tés ngarang karangan éksposisi)

No : Ngaran : Kelas :

Komponén Karangan nu diukur	Skala Peunteun					Bobot	Skor
	1	2	3	4	5		
Ejahan						2	
1. Nuliskeun aksara						2	
2. Nuliskeun kecap						2	
3. Ngalarapkeun tanda baca						2	
Eusi Karangan						2	
1. Cara Mekarkeun eusi Karangan						2	
2. Kasaluyuan jeung eusi karangan nu asli						2	
3. Kuantitas eusi						1	
Paragraf						3	
1. Cara mekarkeun paragraf						3	
2. Patalina paragraf jeung bagian-bagian eusi						3	
3. Susunan paragraf						3	

Keterangan :

(1) Pikeun méré skor masing-masing komponén digunakeun tanda (✓) dina kolom skala nilai nu dianggap cocog.

(2) Harti skala sacara umum :

1 = kurang pisan

2 = kurang

3 = cukup/sedeng

4 = alus

5 = alus pisan

(3) Harti skala lamun dipatalikeun jeung kritéria ajén masing-masing komponén (titik-titik dieusian ku kritéria masing-masing komponén).

1 = henteu.....pisan

2 = henteu....

3 = hampir

4 =

5 =pisan

(4) Bobot, pikeun ngabédakeun tingkat kapentingan masing-masing komponén, miboga fungsi pikeun ngalikeun angka skala anu dihontal masing-masing komponén.

(5) Pikeun nangtukeun peunteun siswa dumasar kana standar peunteun 10.

digunakeun rumus :

$$\frac{\text{Skor} \times 2}{\text{Bobot}} = \text{Peunteun}$$

Conto : Skor Ana = 64 Bobot = 20

$$\frac{64 \times 2}{20} = \frac{128}{20} = 6.4$$

Kisi-kisi Tés Panalungtikan

(Sasaran, Kritéria, Mariksa, Padoman Mariksa Ngarang)

Sasaran (poko nu dipeunteun)	Aspék (wincikan sasaran)	Kritéria (Ukuran méré peunteun)	Padoman Matrik	Evaluator
Ejahan	<ul style="list-style-type: none"> • Nuliskeun aksara • Nuliskeun kecap • Ngalarapkeun tanda baca 	<ul style="list-style-type: none"> • Bener / salah • Bener / salah • Bener / salah 	Skala peunteun	Guru jeung panalungtik
Eusi karangan	<ul style="list-style-type: none"> • Cara mekarkeun eusi karangan • Kasaluyuan jeung eusi karangan nu asli • Kuantitas eusi 	<ul style="list-style-type: none"> • Luyu & lengkep / henteu • Luyu / henteu • Lengkep / henteu 		
Paragraf	<ul style="list-style-type: none"> • Cara mekarkeun paragraf • Patalina paragraf jeung bagian-bagian eusi • Susunan karangan 	<ul style="list-style-type: none"> • Lengkap / henteu • Loyog / henteu • Éntép seureuh / henteu 		

3.5.3. Kriteria Peunteun Karangan

Di handap ieu péréléan ngeunaan tiap komponén karangan maké skala 5.

1). Éjahan

- nuliskeun aksara

5 = euweuh salah;

4 = salah saeutik;

3 = salah saeutik anu penting;

2 = loba salah nuliskeun aksara;

1 = loba pisan salah nuliskeun aksara.

- nuliskeun kecap

5 = euweuh nu salah;

4 = salah saeutik, henteu penting;

3 = salah saeutik anu penting pisan;

2 = loba salah nuliskeun kecap;

1 = loba pisan salah nuliskeun kecap.

- Ngalarapkeun tanda baca

5 = euweuh nu salah;

4 = salah saeutik, henteu penting;

3 = salah saeutik anu penting pisan;

2 = loba salah ngalarapkeun tanda baca;

1 = loba pisan salah ngalarapkeun tanda baca.

2). Eusi Karangan

- Cara mekarkeun eusi karangan

5 = Luyu jeung wangun karangan nu geus ditangtukeun sarta eusina lengkep pisan;

4 = Aya saeutik nu teu luyu, tapi henteu méngpar sarta lengkep;

3 = Kurang luyu jeung wangun karangan;

2 = Kurang luyu jeung wangun karangan jeung kurang lengkep;

1 = Euweuh kasaluyuan jeung kurang lengkep.

- Kasaluyuan jeung Karangan Asli

5 = Eusi kabéh luyu pisan jeung karangan anu asli;

4 = Aya bagian nu kurang luyu, tapi henteu ngaganggu;

3 = Aya bagian nu henteu perlu diasupkeun kana karangan;

2 = Loba pisan anu euweuh patalina jeung eusi karangan nu asli;

1 = loba pisan méngparna.

3). Paragraf

- Cara Mekarkeun Paragraf

5 = Paragraf lengkep tur nyumponan syarat;

4 = Aya sawatara paragraf nu kurang mekar;

3 = Sabagian paragraf mekar, sabagian deui henteu mekar;

2 = Loba paragraf anu kurang dimekarkeun;

1 = Loba pisan paragraf nu henteu nyumponan sarat eusi, cara nulis, sarta cara mekarkeunana.

- Patalina Paragraf jeung Bagian Eusi

5 = Patalina antar paragraf rakét pisan;

4 = Patalina antar paragraf hadé, tapi henteu dirojong ku kecap panyambung;

3 = Aya sawatara paragraf anu henteu nyambung;

2 = Loba paragraf anu henteu aya patalina;

1 = Loba pisan paragraf anu henteu aya patalina.

- **Susunan Paragraf**

5 = karangan éntép seureuh, aya bubuka, eusi, jeung panutup

4 = Karangan éntép seureuh, tapi kurang lengkep;

3 = Kakurangan nyusun karangan saimbang jeung hadéna karangan;

2 = Susunan karangan acak-acakan;

1 = Susunan acak-acakan pisan, henteu maké aturan.

3.5.4. Uji Validitas

Uji validitas, dina panalungtikan ieu digunakeun sangkan aya kasaluyuan antara alat ukur jeung tujuan nu diukurna, maksudna tés nu diukur kudu valid. Validitas tésna dihontal maké cara uji coba. Tiap soal dipaluruh dumasar kana skor nu dihasilkeun ku siswa. Sanggeus dipaluruh tiap soal jeung tiap siswa, bisa katitén valid henteuna soal nu dijadikeun pikeun ngukur kamampuh siswa boh dina maca atawa nulis.

3.5.5. Réliabilitas

Réliabilitas soal anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta réliabilitas antara dua kelompok soal, dimana soal éta dikelompokkeun kana dua gundukan, nya éta kelompok *genap* jeung kelompok *ganjil*. Jumlah tina skor-skor

dikorélasikeun nepi ka kapanggih harga koéfisién korélasina (r), pikeun

réliabilitas digunakeun rumus korélasi saperti kieu :
$$r = \frac{\sum xy}{\sqrt{\sum x^2 \sum y^2}}$$

Katerangan : r_{xy} = Koéfisién korélasi antara variabel X jeung variabel Y, dua

variabel nu dikorélasikeun ($x = X - \bar{X}$ jeung $y = Y - \bar{Y}$)

\sum_{xy} = Jumlah perkalian x jeung y

x^2 = Kuadrat tina x

y^2 = Kuadrat tina y

Saméméh éta rumus digunakeun, leuwih tiheula dipaluruh angka-angkana.

Ari carana, nya éta ku ngitung peunteun unggal siswa tina soal nomber ganjil jeung soal nomber *genap*.

3.6. Prosédur jeung Téknik Ngolah Data

3.6.1. Prosédur Ngolah Data

Data nu geus aya, asalna tina sampel, dipaké pikeun ngajawab pasualan. Ku kituna, data téh perlu diolah jeung dianalisis sangkan bisa dipaké ngajawab pasualan.

Data diolah heula saméméh dianalisis. Anu tujuanana pikeun ngarobah data skor atah kotor kana skor standar. Saterusna skor standar dijadikeun data nu rék dianalisis. Prosedur ngolah datana, nya éta :

- (1) Mariksa hasil tés maca pamahaman;
- (2) Mariksa hasil karangan siswa;
- (3) Nyusun koding

- (4) Méré skor kana hasil tés maca pamahaman jeung karangan dumasar kana komponén-komponén nu aya dina instrumén;
- (5) Ngitung data ku statistik deskriptif;
- (6) Ngadeskripsikeun hasil ngitung kana tabél;
- (7) Nyieun tapsiran;
- (8) Analisis data; jeung
- (9) Nyieun kacindekan.

3.6.2. Téknik Ngolah Data

Téknik anu dipaké pikeun ngolah data nya éta statistik déskriptif jeung statistik analitik. Statistik déskriptif digunakeun pikeun ngolah data jeung ngagambarkeun data, sangkan gampang digambarkeunana. Statistik analitik digunakeun pikeun nguji korélasi antar variabel.

Ku sabab, data nu nyampak ditepikeun ku cara statistik, pangpangna dina wangun peunteun, mangka aya tahap nu kudu dipilampah nya éta ngolah skor jeung analisis skor.

3.6.3. Ngolah Skor

Ngeunaan ngolah skor, panalungtik ngagunakeun tilu cara dina ngolah skor tés kamampuh maca pamahaman éksposisi jeung nulis karangan éksposisi, nya éta :

- (1) Nangtukeun Skor Atah Kotor (SAK), ku cara ngitung angka-angka anu dihontal ku siswa dina lembaran peunteun.

(2) Ngarobah Skor Atah Kotor (SAK) jadi skor standar maké rumus :

$$\text{Skor Standar} = \frac{\text{Skor anu dihontal}}{\text{Skor ideal}} \times 100\%$$

(3) Ngarobah skor atah kotor jadi peunteun, ku ngagunakeun rumus :

a. Kamampuh maca :

$$\frac{\text{Skor jawaban nu bener}}{2} = \text{Peunteun}$$

b. Pikeun kamampuh nulis :

$$\frac{\text{Skor} \times 2}{\text{Bobot}} = \text{Peunteun}$$

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{Skor anu dihontal}}{\text{Skor ideal}} \times 100$$

3.6.4. Nafsirkeun Skor

Pikeun mikanyaho jeung nangtukeun tahap kamampuh maca pamahaman karangan éksposisi jeung nulis karangan éksposisi siswa dinilai dumasar kana penilaian acuan patokan (PAP) 75 % maké rumus skala 100 %. Sanggeus diitung, diluyukeun jeung kriteria peunteun di handap ieu.

No	Skala Peunteun	Tafsiran
1	2	3
1	A	Luhur Pisan
2	B	Luhur
3	C	Sedeng
4	D	Handap
5	E	Handap Pisan

Sanggeus nafsirkeun kamampuh maca pamahaman karangan éksposisi jeung nulis karangan éksposisi unggal siswa, dumasar kana PAP 75 %, saterusna nafsirkeun siswa, boga henteuna kana kamampuh maca pamahaman karangan éksposisi jeung nulis karangan éksposisi.

Nafsirkeun kamampuh maca pamahaman karangan éksposisi jeung nulis karangan éksposisi siswa kelas VII SMPN I Malangbong, sakurang-kurangna jumlah nu boga kamampuh téh aya 75 % atawa leuwih. Sabalikna dianggap can boga kamampuh, kurang ti 75 %.

Pikeun nyaho kana luhur handapna tahap kamampuh siswa kelas VII SMPN I Malangbong, maké pamarekan skala 100 %. Mangka maké rumus saperti kieu :

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{Skor anu dihontal}}{\text{Skor ideal}} \times 100$$

Réngsé diitung, hasil olahanana diasupkeun kana kritéria peunteun skala 100, saperti kieu :

No	Skala Peunteun	Skor Dihontal	Tapsiran
1	2	3	4
1.	91 – 100 % = A	91 – 100 %	Luhur Pisan
2.	81 – 90 % = B	81 – 90	Luhur
3.	71 – 80 % = C	71 – 80	Sedeng
4.	61 – 70 % = D	61 – 70	Handap
5.	... - 60 % = E	... - 60	Handap Pisan

Léngkah-léngkah pikeun maluruh luhur handapna pangaruh kamampuh maca pamahaman karangan éksposisi kana nulis (ngaréproduksi) karangan éksposisi, maké téknik korélasi. Téknik korélasi anu dipaké nya éta téknik korélasi *product moment*, nya éta saperti kieu :

- (1) Nangtukeun hipotésis;
- (2) Nangtukeun jumlah sampel;
- (3) Ngitung jumlah skor kamampuh maca pamahaman éksposisi (variabel X);
- (4) Ngitung jumlah skor kamampuh nulis karangan éksposisi (variabel Y);
- (5) Variabel x jeung y dikuadratkeun;
- (6) Ngitung jumlah variabel X^2 jeung Y^2 ;
- (7) Ngalikeun variabel X jeung variabel Y;
- (8) Ngajumlahkeun hasil kali variabel X jeung variabel Y;
- (9) Ngitung korélasi maké rumus :

$$r_{xy} = \frac{N \cdot \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{(N \cdot \sum X^2 - (\sum X)^2) (N \cdot \sum Y^2 - (\sum Y)^2)}}$$

Keterangan :

r_{xy} = Koéfisién korélasi anu dipaluruh

N = Jumlah subjék

X = Skor variabel kahiji

Y = Skor variabel kadua

- (10) Ngasupkeun hasil itungan r kana tolok ukur koéfisién korélasi;
- (11) Uji hipotésis maké rumus T- tés kieu :

$$t = r \cdot \sqrt{\frac{(n-2)}{1-r^2}} \quad (\text{Sudjana, 2004 : 149})$$

Keterangan : r = Koéfisién korélasi nu geus diukur

n = Lobana data/subjék

(12) Ngeunaan maluruh taraf signifikansi pikeun ngajawab hipotésis, digunakeun babandingan t_{hitung} jeung t_{tabel} . Lamun t_{hitung} leuwih gedé tibatan t_{tabel} ($t_h > t_t$) hipotésis ditarima, hartina aya patalina anu positif tur signifikan antara variabel x jeung variabel y. Sabalikna, lamun t_{hitung} leuwih leutik tibatan t_{tabel} ($t_h < t_t$) hipotésis ditolak, hartina teu aya patalina anu positif tur signifikan antara variabel X jeung variabel Y; jeung

(13) Nangtukeun koéfisién determinasi, sangkan nyaho kana perséntase patalina antara variabel X jeung variabel Y, maké rumus :

$$KD = r^2 \times 100 \%$$

Keterangan : KD = Koéfisién Determinasi

r = Angka korélasi

(Sudjana, 1988 : 353)

